VOLKSHOCHSCHULE OÖ
INSTITUT INTERKULTURELLE PÄDAGOGIK
zusammen-bilden
Bulgariplatz 12
4020 Linz
0732/ 66 11 71-42
institut@vhsooe.at

# Интеркультуран педагогикан институт VHS OÖ

Тайп-тайпана меттанаш дийцарехь юкъара мотт карорхьама

Интеркультуран педагогикан институт (IIP) юкъараллин пайденна болх бечу Лакхарчу Австрерчу дешаран хьукматан Фолькcхохшулен дакъа ду. Социал-педагогикан а, интеркультуран а аг1онашна т1ехь болх беш ю иза. IIP-институто д1ахьочу 350 курсехь а, семинарашкахь а 4 000 герга адамо дакъалоцу. Институтан дуккхаъчу шерашкахь гулдина зедделларг ду, цундела цуьнан таро ю шен шорттачу интеркультуран компетенцех пайда а оьцуш, халла бен юкъараллин дахарехь дакъа ца лоцуш йолчу тобанашца уьйр кхолла.

## 1алашонаш

IIP- институтан коьрта лаам бу, Лакхарчу Австрера к1оштанашна а, дешаран кхерчашна а, тайп-тайпанчу мигрантийн цхьанакхетараллашна а интеркультуран педагогикехь г1о-накъосталла дар. Ткъа иштта дай-наношна берийн кхетам-кхиорехь, церан дешаран компетенцеш алсамйахарехь а, береш Австрерчу дешаран хьукматашкахь кхиаме хилийтарехь а г1о дар.

IIP- институт къахьоьгуш ю, массо а декъашхойн дешаран аьттонаш цхьатерра дика хилийта г1ерташ. Цул совнаха, юкъараллехь цхьаьна бертахь 1ер-дахар, вовшашна белшаш г1ортош г1о дар а тодеш.

## И болх леринарш

Институто шен болх лерина т1ехьажийна болу нах социалан хьелаш а, я мигрантийн кхоллам бахьана долуш къаьстина г1о-накъосталла оьшуш долу дай-наной, церан бераший ду.

## Программа

Институтан программа йоллучу Лакхарчу Австрехь д1ахьош ю. Кегийчарна а, баккхийчарна а лерина ю иза. IIP- институто бечу белхийн диъ коьрта дакъа ду:

- Берана жима долуш дуьйна г1о дар
- Дешарна т1ехь г1одар
- Мотт 1аморна т1ехь г1о дар
- Дай-наношца болх бар

Лакхарчу Австрин урхаллин т1едожорца д1ахьош бу институтан белхаш, Лакхарчу Австрерчу дукхаъчу к1ошташкахь беш бу уьш. IIP- институтехь болх беш 200 сов хьехархой а, 1уналладархой а бу. Царех дукхахберш масех мотт хууш бу, интеркультуран белхашкахь дуккхаъ зеделларг а, хаарш а долуш бу уьш.